

Tit 6Gx50
Chapit 5. Prensip Jeneral pou Elèv
Seksyon 5.01

Règleman 5.01 Responsablite elèv

1. Kritè jeneral

- a. Anba otorite komite a ak direksyon sipèentandan an, y ap plase, chak ane, tout elèv lekòl rejyon Palm Beach la nan lekòl kote yo dwe ale a.
- b. Se sou adrès paran/responsab elèv la y ap plase l lekòl, jan lalwa deklare l anba a, dapre zòn limit komite a te tabli nan yon fason ki mentni inite sistèm lekòl la konsistan ak règleman 1.04.
 - i. Se domisil paran yon elèv minè k ap rezidans li, dapre jan Lwa règleman Florid § 1000.21(5) defini l (ki gen ladan l responsab), epi ki kab angaje, nan ka kote ta gen yon dispit, rezidans primè responsab yon desizyon oswa lòd ke tribinal montre ki valab. Pou yon elèv ki marye oswa ki gen laj li depase laj majorite a, se rezidans li k ap domisil li.
 - ii. Sipèentandan/reprezantan li kapab, nan ka inik ak difisil, pou detèmine rezidans yon elèv baze sou apwobasyon izaj yon deklarasyon notarye paran oswa responsab la egzekite ki akòde yon delegasyon dwa legal ak responsablite jeneral yon elèv bay yon rezidan rejyon Palm Beach la ki konsistan ak règleman 5.011.
- c. Lè zòn limit yo chanje, elèv primè elemantè ak segondè yo ki rete yon (1) ane nan lekòl aktyèl kote li ye a ap gen opsyon pou l rete nan lekòl sa a, men sa p ap bay elèv dwa otomatik pou jwenn transpò distri a. Lè nou konsidere ajisteman limit zòn lekòl yon elèv, komite jeneral lekòl la, dapre diskresyon l, kab pwolonje opsyon sa a pou lòt elèv ki rete plis pase yon (1) ane nan lekòl la, osilontan ekstansyon an an konfòmite ak kritè nan seksyon (2) anba a, pou rete nan lekòl zòn nan. Chanjman zòn ki afekte nivo klas limite komite konsèy lekòl (SAC) zòn lan espesifye pou yon peryòd plis pase yon ane, kapab egzije pou depatman transpò distri a fè yon analiz pou depans pou yo kapab detèmine wout transpò ki fezab ak enplikasyon pou depans. Chak ane, avèk ou san transpò, anba otorite komite jeneral lekòl ak direksyon sipèentandan an, yo kapab deziye nan ki lekòl elèv tout nivo klas yo prale.
- d. Metòd altènatif plasman elèv, tankou chwa enskripsyon, replasman administratif tankou jan li tabli nan règleman 5.015, ak/oswa desizyon pou pwogram (espesyalizasyon, pwogram pou timoun entèlijan, edikasyon pou elèv espesyal (ESE), ap ranplase pwovizyon plasman pou elèv nan règleman sa a nan pwen kote yo pa konsistan ak kritè pou prezans nan zòn nan.

2. Kritè pou zòn lekòl

- a. Lè yo retire yon elèv nan lekòl ki nan zòn li, komite lekòl la, Sipèentandan an, anplwaye distri a ak komite konsèy zòn nan dwe revize kapasite chak lokal pou elèv la nan efò rezonab pou satisfè itilizasyon maksimòm lokal la. Desizyon zòn yo dwe konsidere règleman konkouran distri a ak pòsyon aplikab nan egzekisyon *Akò entèlokal pou amoni lekòl piblik ki anrejistre nan dat 25 janvyè 2001, ORB 12272, PG 973* pou rejyon Palm Beach, jan li amande detanzantan, an rapò ak plasman elèv yo. Yon kopi akò sa a disponib nan ofis komite a.
- b. Tout rekòmasyon ak desizyon pou zòn ap konsidere tou kritè apre yo:

- i. Kreyasyon oswa modifikasyon zòn p ap ankouraje an bon konsyans plasman injis dapre tan nan transpò ak distans pou tout gwoup rasyal ak etnik elèv yo, jan sa gen rapò ak anbakasyon sant lekòl yo.
- ii. Limit zòn ta dwe osi konpak ke posib pou minimize tan vwayaj otobis ak fasilite patisipasyon elèv nan aktivite andeyò lekòl yo. Distri a ap adere ak lwa aplikab eta ak federal, ki gen ladan Kòd administratif chapit 6-A Florid, lè y ap kreye zòn lekòl.
- iii. Kapasite chak lokal sou kantite elèv dwe konsidere ak tabli enskripsyon inisyal pou asire itilizasyon maksimòm, pandan n ap fasilite kwasans nenpòt kote sa posib.
- iv. Deplasman elèv yo sòti nan konfigirasyon zòn aktyèl lekòl yo ta dwe redui nan pi gran nonb posib, si li pa nan konfli ak lòt paramèt.
- v. Nou dwe evite kreyasyon "gwoup izole"(islands) oswa "klan"(fingers) ki izole distenktivman gwoup rasyal/etnik ki idantifyab.
- vi. Nan yon limit maksimòm posib, nou dwe kreye yon sistèm founisaj kote de (2) jiska twa (3) lekòl primè mwayen "alimante" yon lekòl segondè; epi de (2) jiska kat (4) lekòl primè elemantè "alimante" yon lekòl primè mwayen. (Majorite elèv chak lekòl ta dwe sòti nan yon kantite minimòm lekòl founisè yo). Sistèm founisè yo ta dwe devlope sou modèl devlopman pwojite, lokal yo pwojite pou nouvo lekòl yo, ak abandònman posib lokal ki egziste yo.
- vii. Entegrite sibdivizyon yo ta dwe mentni. (ATANSYON: devlopman tankou inite devlopman planifye (PUDs) kab gen miltip sibdivizyon distenk.)
- viii. Dapre rezilta komite lekòl la pwomosyon divèsite sosyoekonomik popilasyon elèv nan lekòl yo gen yon baz edikatif rechèch sipòte, enfòmasyon ki konsène estati sosyoekonomik elèv yo (enfòmasyon baze sou manje midi gratis ak pri redui) kab konsidere pou detèmine zòn lekòl elèv yo, nan lamezi ke:
 - A. Enfòmasyon an se sèlman yonn nan plizyè faktè ki konsidere yo epi li dapre resevwa pwa ki dispwopòsyone, epi jeneralman li pa ta dwe koze plis tan pou transpò; epi
 - B. Izaj enfòmasyon konsa se pou rezon edikatif ras-neut ki pa motive pa konsiderasyon rasyal/etnik ak ki pa yon reprezantan pou konsiderasyon ras/etnisite.
- ix. Yo dwe konsidere tou byennèt sante ak elèv yo nan yon anviwònman aprantisaj dapre jan Sipèentandan an detèmine l.

3. **Dat detèminasyon zòn yo.**—Se deside ke komite dirijan lekòl la adopte tout chanjman zòn pa pita ke janvyè nan chak kalandriye anyèl pou pwochèn ane lekòl la, malgre yo konnen yo kab pa rive reyalize l nan dènye delè preferab sa a pou rezon tankou kantite chanjman zòn ak nenpòt kontwovès ki antoure chanjman ki pwopoze yo.

4. **Devlopman zòn oswa Pwosesis chanjman**

- a. Estaf distri a revize dat ki fikse pou ouvèti nouvo lekòl yo, reyalizasyon lekòl espesyalizasyon/chwa oswa pwogram yo, ak enskripsyon, kapasite, epi sekans apwovizyonman chak lekòl.
- b. Estaf la sible lekòl ke ouvèti nouvo lekòl yo afekte, enplimantasyon lekòl espesyalizasyon/chwa oswa pwogram, oswa konstriksyon nouvo devlopman rezidansyèl, ak lekòl ki nan kondisyon, tankou twòp enskripsyon oswa pa ase enskripsyon, ki kab vin fasil atravè chanjman zòn.

- c. Estaf la prepare pwopozisyon inisyal zòn limit yo ak idantifye lekòl ke chanjman zòn yo ap afekte. Komite Konsèy Zòn distri a ("ABC") revize ak diskite demand sa yo nan reyinyon piblik pou tout moun epi kab sijere modifikasyon oswa egzijè demand altènatif. Nan revizyon ak rekòmandasyon yo pou zòn prezans distri lekòl la, manb ABC yo ap konsidere ak obeyi kritè prezans pou zòn lan nan seksyon (1) ak (3) anwo a, ak nenpòt lòt règleman komite lekòl la ki aplikab ak egzijans lalwa.
- d. Apre idantifikasyon sa a, estaf distri a ap bay avètisman pa mwayen plizyè sous, konsa paran yo ak manb kominote ke estaf la kwè debònfwa kab gen potansyèl pou soutni yon enpak akòz yon chanjman zòn posib ap gen yon opòtinite pou konnen reyinyon regilye ABC, reyinyon pou kominote a bay ide yo, ak atelye piblik komite ak odyans ki gen rapò ak ajisteman zòn yo. Avètisman alekri a ap gen ladan demand ki gen rapò ak ajisteman posib zòn nan epi yo ta dwe voye l omwens yon (1) semèn avan reyinyon an, oswa imedyatman apre yo fikse orè pou yon reyinyon konsa si li fèt nan mwens yon (1) semèn. Tip avètisman yo gen ladan men pa limite ak:
 - i. Avètisman alekri pou direktè (tris) a ak prezidan konsèy lekòl ("SAC") yo ke chanjman zòn nan afekte anpil;
 - ii. Avètisman alekri pou dirijan minisipal yo ak prezidan komite edikasyon minisipal minisipalite ke chanjman zòn yo pwofondman afekte;
 - iii. Bay sous medya lokal yo dat reyinyon regilye ABC; epi
 - iv. Afiche sou sit distri lekòl la reyinyon regilye ABC, reyinyon pou kominote bay ide l, ak atelye piblik komite a ak dat odyans yo, lè ak lokal kote y ap fèt.
- e. Afiche sou sit distri lekòl la reyinyon regilye ABC, reyinyon pou kominote a bay ide l, ak atelye piblik komite a ak dat odyans yo, lè ak lokal kote y ap fèt.
- f. An akò ak règleman 5.012(7)(j)(ii), manb piblik la ap gen opòtinite pou adrese ABC a konsènan nenpòt atik ajanda a nan reyinyon piblik yo apre prezantasyon yon estaf men avan ABC a delibere. Yo kab limite chak oratè pou yon maksimòm twa (3) minit chak.
- g. Manb piblik ki panse pou reprezante oswa pale nan non lòt tankou asosyasyon pwopriyete mezon, oswa komite edikasyon minisipal, ta dwe bay evidans pou reprezantasyon konsa oswa opinyon gwoup la ak sitasyon yon evalyasyon kouran ak apwopriye, yon petisyon, oswa yon rezolisyon ki montre lè yo te kontakte oswa prezante devan ABC oswa estaf la. Enfòmasyon sa yo ta dwe site sou kat oratè ABC a.
- h. Se ABC k ap dirije reyinyon enfòmasyon pou kominote a. Y ap voye lèt avètisman bay paran timoun ki nan lis enfòmasyon kouran distri a ak ki kapab afekte pa yon chanjman ki pwopoze k ap pran efè nan yon (1) ane dat ki pwopoze pou chanjman an efektif. Pa egzanp, si li rekòmande pou chanje limit yon lekòl primè mwayen, y ap voye lèt bay paran elèv katryèm, senkyèm, sizyèm ak setyèm ane ki rezide nan zòn ki afekte a.
- i. Estaf la prepare yon rezime reyinyon sou enfòmasyon pou kominote a, ak nenpòt revizyon zòn ki egzijè, nan entèval senk (5) jou travay apre reyinyon an.
- j. ABC prezante rekòmandasyon l bay sipèntandan an. Pwendevi dezakò yo ap prezante bay sipèntandan an tou. Vot ak yon eksplikasyon brèf pwendevi ki an dezakò yo ap parèt nan minit ABC a.
- k. Sipèntandan an ap fè yon rekòmandasyon final bay komite jeneral la, jeneralman nan de (2) semèn apre rekòmandasyon ABC a, epi rekòmandasyon sa a kab diferan ak rekòmandasyon ABC a.
- l. Komite a ap fè yon atelye pou ABC ak estaf distri a sou chanjman zòn yo pwopoze yo.

- m. Estaf la prepare ak bibliye yon avètisman devlopman-règleman pou 14-jou. Lèfini, komite a ap ofri yon odyans/atelye piblik ("lekti devlopman") pou devlopman-règleman kote sitwayen yo kab parèt devan komite ya pou diskite rekòmandasyon zòn lekòl yo pou ane eskolè k ap vini an.
 - n. Estaf la prepare ak bibliye yon nòt adopsyon règleman 28 jou. Lèfini, komite a ap ofri yon odyans ("dezyèm lekti") sou zòn lekòl ki pwopoze pou adopsyon. Desizyon sou zòn lekòl ki pran nan reyinyon sa a ap final eksepte si yo fè chanjman ki konsiderab, epi alò yo fikse yon dat pou fè yon adopsyon final danlefiti (ki pou fèt nan yon lòt 28 jou apre avètisman desizyon regleman).
5. **Opsyon Chwa ak Enskripsyon Lib kontwole.**—Komite a rekonèt ke ant paramèt pwogram chwa aplikab yo oswa plan enskripsyon lib ki kontwole, paran yo kab chwazi pou mete elèv la nan yon lekòl ki pa lekòl elèv la ta dwe ale anba zòn ki deziye pou ale yo.
- a. Pwogram chwa.—Gen pwogram chwa varye ki disponib nan distri a, tankou lekòl espesyalizasyon, akademi pwofesyonèl, lekòl altènatif, pwogram espesyal, plasman avanse, anwolman doub, ak lekòl semiprive, jan li espesifye nan lwa § 1002.31(2), (8) Florid.
 - b. Enskripsyon lib kontwole.-- "Enskripsyon lib kontwole" vle di " yon livrezon sistèm edikasyon piblik ki pèmèt distri lekòl yo itilize preferans chwa lekòl paran yo fè kòm yon faktè siyifikatif pou plasman elèv yo lekòl." Règleman § 1002.31(1) eta Florid. Distri sa a kapab ofri yon sistèm konsa, jan règleman § 1002.31(2) Florid pèmèt li a.
 - i. Dapre règleman § 1002.31(2) eta Florid, enskripsyon lib kontwole ap *yon adisyon sou* pwogram chwa ki te deja egziste ki nan lis souseksyon (3)(a).
 - ii. Komite dirijan lekòl la dwe apwouve avan nenpòt plan enskripsyon lib kontwole distri a ofri ak l ap gen ladan eleman lalwa egzijje, tankou: konsiderasyon pou pwosesis yon aplikasyon; yon pwosesis deklarasyon preferans parantal; ankourajman pou plase frè ak sè nan menm lekòl; yon plasman sou pwosesis lotri; yon pwosedi reklamasyon pou ka difikilte yo; pwosedi pou mentni balans sosyoekonomik, demografik ak rasyal; disponibilite pou transpò; patisipasyon parantal; ak yon depo santral enfòmasyon ki deziyen pou asiste paran fè chwa ki enfòmè dapre règleman § 1002.31(5) eta Florid.
 - iii. Si yon pousantaj siyifikatif elèv ki deziye pou yon lekòl chwazi pou kite lekòl sa a pou ale nan yon lòt lekòl, distri a ap chèche detèmine èske gen yon pwoblèm yo sispèk nan lekòl yo te deziye pou plase elèv yo, ak pran inisyativ pou amelyore pwoblèm sa yo.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.41(2); 1001.42(22)

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 163.3180(13); 1001.41(6); 1001.42(4)(a); 1002.31

DOSYE ISTORIK: 18/2/72; 06/04/83; 09/07/01; 13/10/03; 4/5/2006; 12/10/2008